# Қарақалпақстанлы палўан Хорватияда өткерилетуғын гран-при турнирине қатнасыў ушын Загребке жөнеп кетти

Image not found or type unknown

Бүгин таңда грек-рим гүреси бойынша Өзбекстан миллий сайланды командасының ағзалары Ташкент-Стамбул-Загреб жөнелиси бойынша Хорватияға жөнеп кетти.

Жобаға муўапық, спортшылар 12-18-январь күнлери Хорватия пайтахты Загреб қаласында өткерилетуғын «Gran Prix Zagreb Open-2021» турниринде қатнасады.

Өзбекстан сайланды командасы қурамында 77 кг салмақ категориясында Қарақалпақстан Республикасынан болған Жалғасбай Бердимуратов та турнирге қатнасады.

Еслетип өтемиз, Ж.Бердимуратов 2019-жылы Қазақстанның Нур-Султан қаласында өткерилген жәҳән чемпионатында Олимпиада жолламасын қолға киргизген еди.

Қарақалпақстан хабар агентлиги.